

Jere Sante w Sou Entènèt 24 sou 24, 7 jou sou 7 ak MyChart

Itilize yon zouti ki **gratis, pratik**, epi an **sekirite** ke yo rele MyChart ki la pou w wè epi pou w jere enfòmasyon sou sante w, ann Anglè, sou entènèt nenpòt kilè. Avèk **MyChart** ou kapab:

- Wè randevou w yo
- Wè rezilta w yo
- Voye yon mesaj bay biwo doktè w la
- Mande pou yo reba w dòz medikaman w yo
- Wè balans ou yo oswa fè peman

Ou poko gen MyChart?

Anrejistre pou w jere enfòmasyon sou sante w sou entènèt 24 sou 24, 7 jou sou 7. Èske li **gratis** epi an sekirite. Mande estaf nou yo plis detay oswa ale nan mychart.nychealthandhospitals.org pou w anrejistre jodi a!


Kòmanse itilize MyChart jodi a!

Enskri nan **MyChart** ak **telefòn mobil** vrèman fasil!
Suiv etap ki anba yo:

1. Nan **telefòn entèlijan** ou an, telechaje **Aplikasyon MyChart** la:



2. Chèche **NYC Health + Hospitals** epi seleksyone l lè li parèt.
3. Seleksyone chwa **Log In To MyChart (Konekte a MyChart)** la.
4. Seleksyone chwa **Sign Up Now (Anrejistre Konnya)** la anba ekran an.
5. Swa ou antre **kòd aktivasyon** w lan, oswa w seleksyone chwa **Sign Up Online (Anrejistre sou Entènèt)** la.
6. Ranpli fòm anrejistreman an an Anglè bay **enfòmasyon pèsònèl ou** epi kreye **non itilizatè w** ak **modpas ou**.
7. Konekte a Aplikasyon MyChart la **nenpòt kilè**, 24 sou 24, 7 jou sou 7, oswa konekte nan òdinatè w sou mychart.nychealthandhospitals.org



Live Your Healthiest Life. **NYC HEALTH+ HOSPITALS**